# QARAQALPAQLARDA AǴASH USTASHILIǴI: TARIYX, TEXNIKA HÁM ZAMANAGÓY RAWAJLANIW.

**Shaxzada Dúysenbaeva,**
*Qaraqalpaqstan Respublikasi tariyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyi ilimiy xızmetkeri*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.19606607

***Annotatsiya.*** *Bul maqalada Qaraqalpaq aymaǵında qáliplesken aǵash oymashılıq dástúrleri, onıń tariyxıy rawajlanıwı, texnikalıq usılları hám zamanagóy mashqalaları ilimiy talqılanadı. Jumis arxeologiyalıq hám etnografiyalıq dáliller hám de jergilikli ilimiy dereklerge tayanǵan halda jazılǵan.*

***Tayansh sózler:*** *Qaraqalpaq ámeliy óneri; aǵash oymashılıǵı; naǵıs; ónermentshilik; muzey, milliy miyras.*

***Annotation.****This article provides a scientific analysis of the traditions of woodworking (carving) formed in the territory of Karakalpakstan, its historical development, technical methods, and modern problems. The work is based on archaeological and ethnographic evidence and local scientific sources.*

***Keywords:*** *Karakalpak applied arts; wood carving; patterns; crafts; museum, national heritage.*

Qaraqalpaqlardıń eń áyemgi dástúriy kásipleriniń biri aǵashtan islep shıǵarıw bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalqınıń ámeliy kórkem óneri aymaqtıń sociallıq-ekonomikalıq hám mádeniy ózgeshelikleri menen tıǵız baylanıslı. Aǵash ustashılıǵı dáslep kúndelikli turmıslıq buyımlar jaratıw menen baslanıp, keyin ala estetikalıq hám simvolikalıq qunǵa iye bolıp, ónermentshiliktiń bekkem baǵdarına aylandı. Usı jumısta dástúriy texnikalar, naǵıs tili hám olardıń sociallıq-ruwxıy mazmunı analiz etiledi [2, b. 47].

Arxeologiyalıq izertlewler Qaraqalpaqstan aymaǵında aǵash buyımların islep shıǵarıwdıń áyyemgi tamırları bar ekenligin kórsetedi. Ámiwdárya hám onıń átirapındaǵı esteliklerden tabılǵan aǵash qaldıqları ónermenshiliktiń uzaq tariyxqa iye ekenligin tastıyıqlaydı. [1, b. 62] Orta ásirlerde aǵash bezewleri diniy hám puqaralıq imaratlarında keń qollanılıp, XVIII-XIX ásirlerde ustaz-shákirt mektepleri hám jergilikli ustashılıq mektepleri qáliplese basladı. Kópshilik aǵash ustashılardıń arnawlı ustaxanaları bolıp, olar ustaxana dep atalǵan.  Jumıslar tiykarınan ustanıń úyinde, tek ayırım waqıtları buyırtpashınıń úyinde islendi. Kópshilik jaǵdaylarda buyırtpashı ustanı kerekli aǵash materialları menen támiyinlep turǵan.

Aǵashqa islew beriw sanaatında ápiwayı górrek tokarlıq stanogı paydalanılǵan. Górrek járdeminde sharıq, iyik, shıǵırshıq, besik, oqlaw hám toqıw stanogınıń ayrıqsha bólimleri, hár qıylı sandıqlar, esikler hám basqalar tayarlanǵan. Jergilikli ustalar tiykarınan terek, qayraǵash, tut, ǵoza hám basqa aymaqqa tán túrler menen islegen. Aǵashti tańlawda shiyki zattıń qurǵaqlıǵı, talshıǵı hám bekkemligi áhmiyetli esaplanǵan. Jumıs procesi ádette tómendegi basqıshlardan ibarat: shiyki zattı

qurǵatıw, groblash (tuwrilaw), kesiw, oyma isleri (shuqır yaki yarım oyma), tegislew hám jıltıratıw. Joqarı sapaǵa erisiw ushın betti organikalıq maylar yamasa mum menen qorǵaw qollanılǵan. [ 3, b.35]

Qaraqalpaq oymashılıǵında geometriyalıq hám ósimlik motivleri dominant esaplanadı. Sheńber, ǵumsha, tolqın, qus motivi hám basqa elementler tiykarınan jergilikli tábiyat hám suw kórinislerin simvolikalıq túrde sáwlelendiredi. Naǵıslardıń mánisi kontekstke baylanıslı bolıp, ayırımlarında ómirlik cikllar, qorǵaw yamasa rawajlanıw simvolları jámlengen. Texnikalıq jaqtan ornamentler tereń oyma, anıq oyma yamasa relyef kórinisinde islenedi.

XX ásirdiń baslarınan baslap qońıratlı, shımbaylı hám basqa aymaq ustaları jergilikli ónermenshilikti rawajlandırıwda áhmiyetli rol oynaǵan. Usı ustalar óz mekteplerin shólkemlestirip, shákirtler tárbiyalaǵan hám olardıń dóretpeleri jergilikli muzey hám de kollekciyalarda saqlanıp qalǵan [4., b.118.].

Kóplegen aǵash oymashı ustalar aǵash oymashılıǵı menen shuǵıllanıp, otaw esikleri hám sandıq, sabayaq, kelilerdiń aldıńǵi bólimlerin kórkem oymashılıq penen bezegen. Aǵash ustası hár túrli awıl xojalıq quralların, olardıń tiykarǵıları - gúnde, mala, shiǵır, arba, qayıq tayarlaǵan. Bunnan tısqarı, úy islep shıǵarıwda paydalanılatuǵın aǵash buyımlar: toqıw úskeneleriniń bólekleri (qozaq, órmek), qayraw úskeneleri, paxtanı qolda tazalaw úskeneleri (shıǵırshıq), aǵash ıdıslar tayarlanǵan. Arba tayarlawda jergilikli tal, tal, qaraǵay, erik, jiyde tereklerinen material sipatında paydalanilǵan. Aǵash soǵıwda ápiwayı ǵórrek stanogınan paydalanǵan. Ǵórrek stanogi menen sharıq , iyik , shıǵırshıq islengen. Aǵash oymakerligi qara úydiń ergeneklerinde júda kóp qollanılǵan. Esik hámme waqıt eki jaqlı boladı. Ergenektiń joqarǵı hám tómengi esik aldıngı (máńlaysha, shabaqsha, tabaldırıq) hám tayanıshlardan ibarat bóleklerge ajıratılatuǵın qapı qutısına kirgiziledi.

Usınday aǵashqa naǵıs oyıw óneriniń birqansha úlgileri Qaraqalpaqstan Respublikasi tarıyxı hám mádeniyatı mámleketlik muzeyinde saqlanıp kelmekte. Olardan sandıq hámde sabayaqtı mısal etip kórsetiwge boladı. Qaraqalpaq xalqınıń bay mádeniy miyrası arasında sandıq ayrıqsha orın iyeleydi. Ol ázelden turmıslıq turmıstıń áhmiyetli bólegi bolıwı menen birge, xalıqtıń milliy ruwxıyatı, talǵamı hám kórkem ónerge bolǵan kózqarasların sáwlelendiriwshi buyım sıpatında qádirlengen. Sandıq - bul tek ǵana kiyim-kenshek saqlanatuǵın orın emes, al estelik, arzıw, sır hám shańaraqlıq qádiriyatlardıń tımsalı da bolıp esaplanadı. Qaraqalpaq xalqında sandıq áyyemnen-aq kóshpeli turmıstıń zárúr buyımı bolǵan. Ol kiyim-kenshek, zergerlik buyımları, ıdıslar hám basqa da baylıqlardı saqlaw ushın paydalanılǵan.Waqıttıń ótiwi menen sandıq estetikalıq hám simvollıq áhmiyetke iye bolıp, hayallar sebi hám shańaraqlıq maqtanısh buyımına aylangan. Qaraqalpaq sandıqları tiykarınan terek, tal yamasa qayıń aǵashınan islengen. Agash tańlawda oniń jeńilligi, bekkemligi hám islewge qolaylılıǵına itibar qaratılgan.

Sandıqtıń tiykargı dúzilisi:

Tórtmúyeshlik forma - qolaylı jaylastırıw ushın;

Pás ayaqlı - jerdi suwiqtan qorgaydı;

Qaqpağı búgilmeli, geyde qulpli;

Ishki bóliminde bólimler bar bolıp, olar túrli buyımlardı tártipli saqlawǵa imkaniyat bergen.Sandıqtıń biyikligi menen uzınlıǵı nağıstıń úlken kishiligine hám qatar sanına baylanıslı boladı. Sandıqtıń uzınlıǵı 130cm den aspaydı.Sandıqtıń aldı beti nağıslanadı, úy biykesiniń buyırtpasına qarap hártúrli usıl menen ashılıp jabılatuǵın etip islenedi. Qaraqalpaq sandıqları óziniń oyma nağısları hám ráńbáreń bezekleri menen ajıralıp turadı. Olar tek ǵana ámeliy buyım emes, al xalıq oymakerlik kórkem óneriniń biybaha úlgisi bolıp esaplanadı.

Nağıslarda tómendegi simvollıq obrazlar kóp ushırasadı:

Simvolikalıq naǵislar - tirishiliktiń úzliksizligi hám bereket tımsalı;

Gúl naǵisları - hayallıq, páklik hám gózzallıq belgisi;

Quyash hám juldız formaları - jaqtılıq, baxıt hám qorǵaw simvolı;

Geometriyalıq figuralar - tártip hám bekkemlik belgisi.

Reń tańlawında qızıl, qońır, jasıl, sarı hám qara reńler ústinlik etedi. Bul reńler tábiyiy boyawlardan alınıp, hár biri simvollıq mánis júklegen: máselen, qızıl - ómir hám muhabbat, jasıl - tınıshlıq, qara - kúsh hám turaqlılıq belgisi.Sandıqlardıń nağısları oyma usılda islenedi, nağısları kóbinese geometriyaliq yamasa múyiz tárizli boladı. Sandıq, mayda úy dáskelerin saqlaw, ústine kórpe tósek jıynaw ushın arnaladı. Sandıqtıń ishine qádirli zatların salıp, qulpına qulıp ildirip qoyǵan. Ol qara úydiń tórinde turıp úyge sán berip turǵan. Sandıqtıń kelip shıǵiw tariyxın úyreniw, olardı saqlap qalıw hám jas áwladqa jetkeriw - bul qaraqalpaq xalqınıń mádeniy yadın saqlap qalıw degen sóz. Sonlıqtan, sandıq tek ǵana ótken ásirlerdiń buyımı emes, al milliy ózlik hám tariyxıy miyrastıń tımsalı sıpatında qádirlenedi. Sabayaq ústine júk jıynaw ushın soǵılatuǵın tórt tuyaqlı úy múlki. Onıń aldı jaǵı kese hám tik aǵashlar menen shabaqlanadı.  Al geybir sabayaqlardıń aldı jaǵı nağıslı taqtaylar menen qaplanǵan boladı. Art jaǵı ashıq, geyde sabayaqtıń aralıǵı túplenip oǵan hártúrli zatlar, kese-sháynek, dásturxan h.t.b qoyiladı. Sabayaq úydiń qazan-tabaq betine jaqın qoyıladı [ 6., b-210.] .

Házirgi dáwirde dástúriy oymakerlik qayta tiklenbekte: jas ónermentler milliy nağıslardı zamanagóy dizayn hám ámeliy buyımlarǵa beyimlestirmekte, bul bolsa turizm hám sawǵa-suvenir bazarları ushın jańa imkaniyatlar jaratadı. Biraq taraw tómendegi mashqalalarǵa dus kelmekte: shiyki zat jetispewshiligi, ónermenshilikti hújjetlestiriwdegi kemshilikler, finanslıq xoshametlerdiń tómenligi hám ónermentler ushın sistemalı bilimlendiriw baǵdarlamalarınıń sheklengenligi.

Qaraqalpaq aǵash ustashılıǵı aymaqtıń mádeniy miyrasın quraytuǵın áhmiyetli element bolıp esaplanadı. Onı saqlaw hám rawajlandırıw ushın tómendegiler usınıs etiledi: 1) aymaqlıq muzeyler hám mádeniyat oraylarında ortalıqtı bayıtıw hám eksponatlardı hújjetlestiriw; 2) shiyki zat jetkerip beriwdi tártipke salıw arqalı ustalardıń ekonomikalıq jaǵdayın jaqsılaw; 3) ónermenshilik boyınsha oqıw kursları hám sheberlik sabaqların sistemalı túrde jolǵa qoyıw; 4) jergilikli nağıs hám

texnikalardı zamanagóy dizayn menen úylestiriw arqalı bazarǵa shıǵıw imkaniyatların keńeytiw.

Aǵash oymakerligi qaraqalpaq xalqınıń kóp ásirlik turmıs tárizi, isenimi hám ónermentshilik dástúrleriniń ajıralmas bólegi bolıp kelgen. ymashılıq tek arxitekturalıq bezewlerde gana emes, al sandıq, esik, bagana, ıdıs, arbalar sıyaqlı buyımlarda da qollanilgan.

Búgingi kúnde aǵash oymakerligi dástúriy ónermentshilik penen bir qatarda milliy dizayn, interyer kórkem óneri hám suvenir islep shıǵarıw tarawlarında keńnen qollanılmaqta. Ustalar áyyemgi naǵıslardı zamanagóy formalar menen úylestirip, milliy usıldı globallıq kórkem óner maydanına alıp shıqpaqta.

Bul bolsa qaraqalpaq hám ulıwma túrkiy xalıqlar mádeniyatınıń úzliksiz rawajlanıp, zamanǵa beyimlesip atırǵanlıǵın kórsetedi.

Bul kórkem óner túri arqalı xalıq óziniń dúnyanı ańlaw usılın, gózzallıq haqqındaǵı kózqarasların bildirgen. Solay etip, aǵash oymakerligi - bul xalıqtıń tariyxıy esteligi hám ruwxıy miyrasınıń janlı kórinisi bolıp tabıladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1. Aralov, S. (2005). *Qaraqalpaq xalıq ámeliy óneri tariyxı.* Nókis: Qaraqalpaqstan baspası.
2. Esenov J. (1998). *Qaraqalpaq xalqınıń mádeniy miyrası.* Tashkent: Fan.
3. Saparniyazov, M. (2010). *Qaraqalpaq xalıq ustaları hám olardıń dóretpeleri.* Nókis: Bilim.
4. Savickiy, I. V. (1984). *Qaraqalpaq xalıq kórkem óneri.* Moskva: Izdatelstvo Iskusstvo.
5. Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi (2022). *Statisticheskie dannie po narodnomu prikladnomu iskusstvu.* Nókis.
6. Жданко Т. А., Камалов С. К. Этнография каракалпаков XIX- нач. XX веков. Материалы и исследования. Изд. Фан, 1980 г
7. Qaraqalpaq etnografiyasi. — Nukus: Ilim nashriyoti, 2020.
8. Rahimova G. *O‘zbek va qaraqalpaq xalq amaliy san’ati.* — Toshkent: Fan, 2015.
9. Qaraqalpaq xalq ustalari ijodi. — Nukus: Qaraqalpaqstan baspası, 2012.